

Dat limit Aplikasyon pou Asistans pou Katastwòf FEMA a ap Apwoche

Release Date: December 28, 2022

BRANDON, Fla. – Plis pase \$4.4 milya nan sibvansyon federal, prè pou katastwòf ak peman asirans pou inondasyon yo te bay eta Florid ak fanmi ki afekte nan siklòn lan lan. Men, tan prèske fini pou sivivan Siklòn lan yo aplike pou asistans pou katastwòf. Si rezidans prensipal ou a nan youn nan [26 konte ki deziyen pou asistans federal pou katastwòf](#) epi ou te fè pèt oswa domaj ke siklòn lan te koze, ou gen jiska 12 Janvyè 2023 pou ranpli aplikasyon lan ou a.

Yo ankouraje sivivan ki gen asirans pou yo fè yon reklamasyon pou domaj katastwòf la te koze anvan yo aplike pou asistans FEMA. Ou pa bezwen tann règleman asirans ou pou soumèt yon aplikasyon pou asistans pou katastwòf. FEMA ka bay asistans finansyè pou sivivan ki elijib yo ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans ki te gen domaj oswa pèt akòz katastwòf la.

Aplike sou entènèt nan disasterassistance.gov oswa rele 800-621-3362. Èd la disponib nan pifò lang. Yo reponn apèl chak jou soti 7 a.m. rive 11 p.m. ET. Sivivan yo kapab enskri tou nan nenpòt Sant Rekiperasyon pou katastwòf k ap fonksyone nan tout konte dezans Florid yo. Pou jwenn yonn tou pre a, ale sou Entènèt: [DRC Locator](#).

Dat limit 12 Janvyè a aplike tou pou aplikasyon pou prè pou katastwòf ak enterè ki ba nan Administrasyon Ti Biznis Etazini (U.S. Small Business Administration, SBA). SBA se sous prensipal lajan gouvènman federal la pou rekonstwi alontèm pwopriyete prive ki te domaje nan katastwòf la. SBA ede biznis tout gwosè, òganizasyon prive san bi likratif, pwopriyete kay, ak lokatè finanse efò pou reparasyon oswa rekonstwiksyon epi li kouvri depans pou ranplase pwopriyete pèsònèl ki pèdi oswa ki andomaje nan katastwòf la.

Sibvansyon Asistans Lojman ak Lòt Bezwen Asistans FEMA pou depans medikal, dantè, ak antèman pa egzije moun pou aplike pou yon prè SBA. Sepandan, aplikan yo refere bay SBA dwe ranpli epi soumèt yon aplikasyon prè SBA pou yo konsidere yo pou lòt fòm asistans pou katastwòf. Aplikan ki pa kalifye pou yon prè



FEMA

Page 1 of 2

SBA yo ka oryante yo nan FEMA pou yo konsidere yo pou Lòt Bezwen Asistans. Nimewo Sant Sèvis Kliyantèl Dezas SBA a se 800-659-2955. Èd disponib tou lè w voye yon imèl nan: disastercustomerservice@sba.gov oswa lè w vizite www.sba.gov. Sivivan yo ka aplike sou Entènèt sou sitwèb sekirize SBA a nan: disasterloanassistance.sba.gov/ela/s/

Biznis ki poko soumèt yon aplikasyon SBA pou prè biznis pou katastwòf ka aplike sou Entènèt lè l sèvi avèk Aplikasyon Elektwonik Prè (Electronic Loan Application, ELA) atravè sitwèb sekirize SBA a nan disasterloanassistance.sba.gov/ela/s/ anba deklarasyon SBA #17644. Biznis, pwopriyetè kay, lokatè, ak òganizasyon ki pa pou pwofi kapab vizite Sant Rekiperasyon Biznis oswa Sant Rekiperasyon pou Katastwòf pou èd pou yo soumèt yon aplikasyon oswa pou yo chèche rekonsidere desizyon yo pran sou yon prè.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou prè pou katastwòf ak fòm aplikasyon nan Sant Sèvis Kliyantèl SBA a nan 800-659-2955 (pou moun ki soud, ki gen pwoblèm pou tandè, oswa ki gen andikap lapawòl, tanpri rele 7-1-1 pou jwenn aksè nan sèvis relè telekominikasyon yo). oswa pa imèl nan disastercustomerservice@sba.gov.

Dat limit depozisyon pou retounen aplikasyon pou domaj fizik pwopriyete a se 12 Janvyè 2023. Dat limit pou retounen aplikasyon pou aksidan ekonomik yo se 29 Jen 2023.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon nan Florid apre siklòn lan ak Nicole, vizite floridadisaster.org/info ak fema.gov Swiv [@femaregion4](https://www.facebook.com/fema) / [Twitter](https://twitter.com/femaregion4) ak sou [facebook.com/fema](https://www.facebook.com/fema).

###



FEMA

Page 2 of 2